



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 26 jiyè 2013

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PROJECT SUNLIGHT POU BAY PIBLIK LA AKSÈ NAN BAZDONE MOUN KI KONPARÈT DEVAN GOUVENMAN ETA A

Piblik la pral kapab wè ki moun ak antite ki konparèt devan gouvenman eta a pou kesyon ki pa gen pou wè ak lejislati

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon bazdone sou entènèt kote rechèch yo fasil pou fèt epi k ap bay piblik la yon apèsi detaye sou moun ak antite ki konparèt devan gouvenman Eta New York la sou kesyon ki pa gen pou wè ak lejislati.

Project Sunlight bay yon lis reyinyon ki fèt ant otorite gouvenman ak moun, antite ki andeyò, ak reprezantan entèn ak estèn yo ki gen pou wè ak apwovizyonman piblik, tarifikasyon, kesyon regleman, pouwit jidisyè ouben kazi-jidisyè sou baz ajans, ak adopsyon ouben anilasyon regleman. Konparisyon pou lòby ki gen pou wè ak vòt bidjè a ouben lwa pa kouvri nan Project Sunlight, paske Joint Commission on Public Ethics la deja ap reglemante yo konfòmman ak lwa sou lòby Eta a. Project Sunlight se sèl bazdone nan stil sa nan nenpòt eta ki swiv yon gwo kantite konparisyon konsa nan yon gouvenman onivo eta.

“Administrasyon m lan angaje l nan ogmantasyon transparans nan gouvenman eta a, epi bazdone Project Sunlight sa se yon lòt etap enpòtan ki franchi nan sans sa,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Sunlight se youn nan meyè dezenfektan pou sèvis piblik la, epi ak nouvo enfòmasyon sa yo eta a ap kontinye ouvri pòt gouvenman an pou Nouyòkè.”

Dapre Lwa sou Refòm Entegrite Piblik 2011 lan, bazdone Project Sunlight la te kreye epi te kòmanse fonksyone apati 1mye janvyè 2013, epi depi lè sa, sistèm lan te pase yon tès beta epi anpwaye Eta a te pran fòmasyon, ak plis pase 75 ajans eta a, otorite, kòporasyon enterè piblik ak rezo State University of New York ak City University of New York yo te rantre enfòmasyon nan Project Sunlight. Apeprè 6.000 anplwaye piblik nan ajans ki kouvri yo te pran fòmasyon sou kijan pou yo rantre enfòmasyon nan bazdone yo, epi gen plis pase 3.000 entre ki deja disponib pou rechèch piblik. Se anpwaye chak ajans ki rantre done yo sou yon baz pèmanan.

Haitian Creole

Yon Politik Project Sunlight te devlope pou fasilite deklarasyon ak klarifikasyon sa ki rapòte ak sa ki pa rapòte nan bazdone a.

Reyinyon ki Anndan Project Sunlight:	Reyinyon ki PA anndan Project Sunlight:
Konparisyon ki gen pou wè ak apwovizyonman piblik	Konparisyon pou mande enfòmasyon sèlman
Konparisyon ki gen pou wè ak tarifikasyon	Kominikasyon ekri ouben nan telefòn
Konparisyon ki gen pou wè ak kesyon reglemantè	Konparisyon ki gen pou wè ak lejislasyon ouben bidjè, ouben nenpòt entèaksyon entègouvenmantal
Konparisyon ki gen pou wè ak pouswit jidisyè ouben kazi-jidisyè sou baz ajans	Konparisyon ki gen tretman konfidansyèl konfòmman ak lwa onivo federal ak eta, ouben, ki si yo pibliye, ka menase vi ouben sekirite yon moun.
Konparisyon ki gen pou wè ak adopsyon ouben anilasyon regleman	Patisipasyon nan reyinyon ki ouvri pou piblik la (kidonk ki deja mansyone lòt kote)

Bazdone Project Sunlight la chita sou efò Gouvènè pou bay sitwayen kapasite ak enfòmasyon yo bezwen pou patisipe aktivman nan gouvènman eta a.

- Nan mwa 2013, Gouvènè Cuomo te lanse “open.ny.gov,” yon nouvo sitwèb jeneral pou transparans done eta a ki bay aksè fasil yon sèl kote nan done ki soti nan ajans eta New York, gouvènman lokal yo ak gouvènman federal la.
- Nan lane 2011, Gouvènè Cuomo te lanse CitizenConnects pou bay yon asanble piblik sou entènèt ki ankouraje Nouyòkè enfòmasyon yo sou gouvènman eta a epi patisipe ladan, ak tou brase lide pou ede konstwi fiti New York. W ap jwenn kalandriye detaye Gouvènè Cuomo depi jou li te pran fonksyon sou CitizenConnects.
- Lwa sou Refòm Entegrite Piblik 2011 Gouvènè a – ki te kreye bazdone Project Sunlight la – te mande pou otorite eli yo pibliye kliyan estèn biznis yo ak kliyan y ap fè biznis ak yo, k ap bay yo sibvansyon ouben kontra, k ap chèche lwa ouben rezolisyon nan men yo, ouben ki enplike nan ka ouben pouswit devan Eta ak tou kliyan otorite piblik yo pote pou fim lan.
- Nan lane 2007, ansyen Pwokirè Jeneral Cuomo te lanse yon inisyatifv Project Sunlight yo rele kounye a NYOpenGovernment.com pou kreye premye bazdone enfòmasyon eta a ki gen pou wè ak finansman kanpay, aktivite lòby, depans piblik, ak kontra piblik.

Se Office of General Services (OGS) ki te devlope bazdone Project Sunlight la, nan tèt ansanm ak ajans eta yo san bliye Joint Commission on Public Ethics (JCOPE) a. Sitwèb la, projectsunlight.ny.gov, pral tou asosye ak pòtay open.ny.gov la ki fèk lanse a epi pèmèt piblik la fè rechèch apati mo enpòtan epi espòte enfòmasyon yo.

New York State Office of General Services Commissioner RoAnn Destito te di konsa, “Gouvènè Cuomo kontiny fè pwogrè pou etabli transparans nan gouvènman Eta New York. Project Sunlight se yon etap enpòtan ki franchi pou ede piblik la konprann aktivite ajans eta yo.”

Robert Freeman, Direktè Egzekitif Committee on Open Government, te di konsa, “Bazdone Project Sunlight sèvi kòm yon sous establi enfòmasyon konsènan aktivite enpòtan gouvènman eta a. Si piblik la vle gen enfòmasyon sou konpayi ouben gwoup ki favorize ouben opoze ak regleman ajans eta yo, y ap jwenn enfòmasyon yo la. Si w bezwen konnen sa yon ajans ap achte, se la wa p jwenn enfòmasyon an. Si nou vle gen enfòmasyon sou lòbi, li fasil pou jwenn ki antrepriz ki pi aktif. Epi petèt sa ki pi enpòtan, tout enfòmasyon sa yo disponib nan moman an menm.”

Michael Waldman, Prezidan Brennan Center for Justice nan NYU School of Law, te di konsa, “Brennan Center for Justice aplodi lansman bazdone Project Sunlight jodi a, yon nouvo prezantasyon sou entènèt ki bay yon pòtay pou divilgasyon rankont ki fèt ant otorite, endividi ak antite ki gen biznis devan otorite sa yo ak reprezantan entèn ak estèn yo. Bazdone a se yon bèl egzanp sou kijan Gouvènè a ka itilize pouvwa biwo li pou trase nouvo wout pou amelyore entegrite ak transparans nan Albany, malgre enpas politik sou kesyon refòm enpòtan. Nouvo bazdone kliyan an se premye nan stil sa tout kote epi nou espere li pral tounen yon modèl pou transparans ak responsablite onivo nasyonal.”

Russ Haven, Konseye Lejislatif pou Gwoup Enterè Piblik New York, te di konsa, “Nouvo ajans Project Sunlight la ak otorite k ap fe lòby baz done ajoute yon pyès enpòtan nan pèzèl la pou konpreyansyon piblik la sou kijan enterè espesyal eseye enfliyanse desizyon gouvènman nan New York. Nouvo enfòmasyon sa yo pral ajoute sou ansanm divilgasyon sou aktivite komèsyal esteryè lejislasyon, ki te pibliye lotre jou pou premye fwa, sa ki ede konekte pwen yo ant biznis sa yo ak efò yo pou fè lòbi bè kote otorite onon kliyan yo.”

Dick Dadey, Direktè Egzekitif Citizens Union, te di konsa, “Lansman Project Sunlight la se yon konsekans espere ak byenveni lwa sou etik 2011 eta a Gouvènè Cuomo te vote ak sipò lejislasyon a. Li fè konnen entèaksyon gouvènman an ak gwoup enterè yo lè li retire pledwaye yo ki kache pou mete yo sou entènèt kote tout moun ka wè. Sitwèb sa pral bay sitwayen òdinè kapasite pou yo kontwole kimoun ka p enfliyanse otorite piblik yo, pou yo ka gen yon pi bon gouvènman.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418